*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№114 (26087)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 3 июль – сусæны мæйы 3 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ЙÆ КУЫСТЫ – ФÆЗМИНАГ
*"Ацы фæндаг мах сарæзтам"*
3 БИНОНТЫ АЗ
*Ахæм хистæртæй фидауы цард*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Къамисы æмбырдæй**

## Цæрджыты æдасдзинад – сæйрагдæр

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО скодта терроризмы ныхмæ республикон къамисы æмбырд, уырдæм фæсидт Оперативон штабы уæнгтæм дæр. Æмбырды архайдта Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджыны хæдивæг Цæгат Кавказы федералон зылды Максим ВЛАДИМИРОВ.**

Рæгъмæ рахастæуыд цалдæр ахсджиаг фарстайы, семæ – терроризмы идеологийы ныхмæ мадзæлттæ, дины, санаторон-курортон кусæндæтты, фысымуæтты комплексы, алыхуызон зыгъуыммæ хъуыдыты бахауæг æрыгæттимæ ахадгæдæр бакусыны нысантæ. Къамисы уæнгтæм сидгæйæ, Сергей Меняйло æргом аздæхта нæ регионы æдасдзинадмæ, йæ бахъахъхъæныны нысантæ хъуамæ фæтыхджындæр уой.

«Ныртæккæ цы уавæрты цæрæм, ноджы ма, Дагестаны цаутæ нымайгæйæ, уæдæ, нæ размæ цы бакæнинаг хъуыддæгтæ лæууы, уымæ гæсгæ фылдæр æргом аздахæм æдасдзинадмæ», – загъта Сæргълæууæг. Æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой санаторон-курортон комплексы, сывæллæтты дзæбæхгæнæн организациты, Донецкы æмæ Луганскы Адæмон республикæтæй, Запорожье æмæ Херсоны облæсттæй ссæуæг лыгъд адæмы террорæй бахъахъхъæныны фарстатыл.



Фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнтæ æппæт мадзæлттæй дæр пайда кæнынц террорæй бахизыны тыххæй. Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** та радзырдта, терроризмы идеологийы уацары бахауæг æрыгæттимæ куыд кусынц, уый тыххæй. Йæ хатдзæгмæ гæсгæ абон нæ ахуырады иунæг ахæм адæймаг дæр нæ рабæрæг, фæлæ 2024 азæй ахæм тæссаг фæзындтæ ма ‘руадзыны специалисттæ кæнынц хъæугæ ахадгæ мадзæлттæ фæсивæды, рæзгæ фæлтæрты ‘хсæн.

Алыбегты Эллæмæ гæсгæ ахуырдзауты æдасдзинадæн хорз ахъаз у, ахæм зыгъуыммæ, тæссаг цаутæ ма ‘руадзыны куыст. Уый тыххæй, министры ныхасмæ гæсгæ, ахуыргæнæндæтты æппынæдзух цæст дарынц социалон-психологон уавæрмæ, кæнынц сын тесттæ. Ацы æмбырды байхъуыстой, Терроры ныхмæ национ комитет æмæ РЦИ-Аланийы Терроры ныхмæ къамисы æмбырдты цы уынаффæтæ рахастой, уыдон æххæстгæнæг, бынæттон хиуынаффæйады æмæ хæдзарадон куыстуæтты разамонджытæ куыд сæххæст кодтой, уымæ.

Уыдæттыл уыд йæ раныхас РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æххуысгæнæг **Олег Барановæн**. Куыд бацамыдта, афтæмæй, ахæм бæрнон комитет æмæ къамисы уынаффæтæй йæхи иуварс чи кæны, уыдон хъæуы æфхæрын. Сергей Меняйло æмбырды архайджыты зæрдæтыл æрлæууын кодта, 2024 азы 1 июлæй, йæ тыхы кæй бацыд, террорæй бахъахъхъæны тыххæй закъон. Уымæ гæсгæ, йæ уынаффæтæ æххæстгонд куы нæ цæуой, уæд адæймагæй уголовон бæрнондзинад бадомдзысты.

Æмбырды ма байхъуыстой дины организацитæ террорæй бахъахъхъæныны фарстамæ, уымæй дарддæр æрныхас кодтой, республикæйы æдасдзинады охыл федералон автомобилон фæндаг «Кавказ»-ы 512-æм километрыл цæстдарæн-гæрæнты пост цæмæй йæ архайд дарддæр æххæст кæна, ууыл.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Арæзтад**

## Къаддæр кæндзысты фæндаггон фыдбылызтæ

**Адæмы цардыуаджы домæнтæ уæлдæр æмвæзадыл æххæст кæнын нæ республикæйы разамынд нымайы йæ сæйрагдæр хæсыл æмæ уæхскуæзæй архайы уыцы ахсджиаг хъуыддаджы. Ныртæккæ Цæгат Ирыстон архайы æппæт паддзахадон программæтæ æмæ национ проектты. Нæ граждæнтæ сæхиуыл æнкъарынц, бонæй-бонмæ кæй фылдæр кæнынц социалон объекттæ, хуыздæр кæны фæндæгты уавæр, уымæ та баст у æдасдзинады фарста. Къаддæр кæны фæндаггон фыдбылызты нымæц.**

Ахæм куысты се ‘мгъуыдæй дзæвгар раздæр цæуынц Дыгургомы дæр Дзынагъайы хъæумæ бацæуæны национ проект «Æдас æмæ хæрзхъæд фæндæгтæ»-йы фæлгæты. Регионы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** йæ телеграм-каналы куыд фехъусын кодта, афтæмæй куыстытæ фæуыдзысты ацы азы кæрон.



Ныртæккæ уал специалисттæ сæвæрдтой бинаг æмæ уæллаг асфальтонбетонон цъар, уыимæ ма, æвæрынц фæндаджы гæрæнтæ дæр. Фæндаджы ацы уаццаджы хæстæгдæр рæстæджы сцалцæг кæндзысты, хæдтулгæтæ кæм цæуынц, уыцы хид дæр, æмæ дзуапп дæтдзæн нырыккон домæнтæн. Куыстытæ кæронмæ куы æрхæццæ уой, уæд фæндагыл ныффидар кæндзысты ног нысантæ, йæ фалдзустæ йын баныввыл кæндзысты.

Куыстытæ чи æххæст кæны, уыцы подрядон организаци æмæ республикæйы профилон комитет цы бадзырд бафыстой, уымæ гæсгæ контракт у, «цæрæнбонмæ цикл» кæй хонынц, ахæм, ома, куы бахъæуа, уæд æй æрмæст капиталон æгъдауæй не сцалцæг кæндзысты, фæлæ йæм иудадзыг сæ цæст дардзысты, æмæ йыл цы къуылымпытæ æвзæра, уыдон иуварс кæндзысты.

Комы цæрджытæ æмæ, ардæм æрвылбон уазæгуаты чи цæуы, уыцы адæмæн сæ зæрдæ рухс кæны куыстытæй. Æмæ, чи зоны, ацы комы цард йæ раздæры гаччы сбада – бирæты къуылымпы кодта, фæндæгтæ æдас кæй нæ уыдысты, уый.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Бæрæгбон**

## Се ‘рвылбоны архайд – ахадгæ



**Абон Паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ бæрæг кæнынц сæ профессион бæрæгбон.**

Бæрæгбоны дæр, нæ æрвылбоны цардыуаджы стыр бынат чи ахсы, уыцы службæйы кусджыты улæфынмæ не ‘вдæлы – алчидæр дзы йæ бæрнығонд фæндаджы æдасдзинадмæ лæмбынæг кæсы, зæрдиагæй архайы фыдбылыздзы не ‘руадзыныл. Афтæ, дзыллон республикон мадзал «Внимание: пешеход!» фæтк æмæ сывæллæтты технопарк «Кванториум»-ы куысты пъланмæ гæсгæ, Мæздæджы районы автоинспекцийы кусджытæ сывæллæттимæ баххæст кодтой æмбарынгæнæн дзыллон мадзал «Патрульная машина».

Фæндагыл цыды фæтк æххæст кæнын кæй æмбæлы, автоинспектортæ уый сывæллæттæн алыхуызон гæнæнтæй æмбарын кæнынц. Ацы хатт фæсивæд æрбацæуæг сæм автоинспекцийы патрулон хæдтулгæйыл зæрдиагæй бацин кодтой. Фæндаджы сæрты æдасæй хизын куыд æмбæлы, пъæлицæйы капитан Надеждæ Никитенко æмæ кæстæр лейтенант Ситохаты Валери сывæллæтты зæрдыл уый æрлæууын кодтой. Ныхас кæнгæйæ, бараджхъахъхъæнджытæ загътой:

– Хæдтулгæтæ кæм цæуынц, фæндаджы ахæм хаймæ рацæугæйæ, хæдтулгæйы сцæфæй дын тæссаг кæй нæу, фыццаджыдæр уый хъуамæ рахатай. Сывæллæтты къæлæтджын бандæттæ æмæ æдасдзинады рæттæй æнæмæнг пайда кæнын хъæуы. Фæндаджы сæрты цæуыны заман сывæллон хъуамæ ныййарæджы къухыл фидар хæца. Хæдтулгæскъæрæгимæ цас къаддæр ныхас кæныс, уый бæрц – хуыздæр.

Фембæлды кæрон пъæлицæйы кусджытæ сывæллæтты базонгæ кодтой патрулон хæдтулгæимæ. Сабитæ сæхи æхсызгонæй бафæлвæрдтой автоинспекторы ролы. Ахæм у æрмæст Мæздæджы районы нæ, фæлæ æппæт республикæйы районты паддзахадон автоинспекторты æрвылбоны куыст. Зæрдиагæй сын арфæ кæнæм, сæ къухы сæ ахсджиаг хъæугæ куысты ноджы стырдæр æнтыстдзинæдтæ æфтæд.

**БУТАТЫ Азæмæт**

**Адæмон газет**

## Мыггæгтæм сидт

**Ирыстон йæ мыггæгтæй тыхджын у. Сты дыууæ минмæ ‘ввахс. Ахъуыды кæн, æмæ сæ алкæцыдæр «Рæстдзинад»-ы 5-10 экземпляры рафыста, уæд уый уайтагъд фæбæрæг уаид газеты тиражыл. Цæй уæдæ ма хъуыддагмæ рахизæм!**




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæсте баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæн уадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адæмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзæрттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссыны аргъ у 1538 сомы æмæ 94 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн ис газет асламдæрæй, ома, 1253 сомы æмæ 10 капеккæй рафыссыны фадат. Газет рафыссыны фадат адарддæр кодтой 13 июлмæ.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

**РЕДАКЦИ**

## Дзырды фарн

*Æргомæй чи нæ фæуæнды,*
*абырæгдзинад уый кæны.*

*КАЛОТЫ Хазби*

## Рафыссæм газет «Рæстдзинад» 2024 азы дыккаг æмбисæн!

**Боныхъæд** Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **3 июлы** уыдзæн асæст, ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **26-28 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ – 15,18** Хурыскаст – 04,27; Хурныгуылд – 19,45

**Валютæйы аргъ** Доллар – 87,03; Евро – 93,96

12 +

Æмбырд

# Адæмы цардыуаджы хæрзхъæддзинад

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æмæ Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвары хæдивæг Максим ВЛАДИМИРОВ цы æмбырд саразтой, уым æркастысты, паддзахады разамонæджы фæдзæхстытæ Цæгат Ирыстоны куыд æххæст кæнынц, уыцы фарстатæм, стæй, паддзахадон программæ «Цæгат Кавказы федералон зылды рæзт»-ы фæлгæты цы арæзт цæуы, уымæ.**

Æххæстбарджын минæвары бадзырдмæ гæсгæ, нæ паддзахады Сæргълæууæджы фæдзæхстытæ, социалон объектты цæрæг хистæр кар адæмы, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у æмæ сывæллæтты бартæ, стæй объектты æдасдзинад куыд хъахъхъæд цæуынц, уый тынг вазыгджын хъуыддаг у. Уый Президенты 2009-æм азы фæдзæхст у, æмæ йæм иудадзыг лæмбынæг каст цæуы, – бафиппайдта Максим Владимиров.



Мадзалы архайдтой Æххæстбарджын минæвары аппараты контролон департаменты хицау **Сергей Никитин**, аппараты федералон инспектор Цæгат Ирыстон-Аланийы **Сергей Гончаров**, республикæйы профилон министрадтæ æмæ уагдæтты разамонджытæ.

Дзанайты Барис фæбæрæг кодта Æххæстбарджын минæварады æвæрæн республикæйы вазыгджын социалон фарстатæ алыг кæныны хъуыддаджы, арфæйы ныхæстæ загъта делегацийæн се 'ххуысы тыххæй.

– Цæгат Ирыстоны рæзтмæ абон иудадзыг йæ цæст дары субъекты разамонæг **Сергей Меняйло**. Мах архайæм паддзахадон программæты, национ проектты. Ацы аз республикæйы арæзт æмæ бындурон цалцæггонд цæуынц, социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм 280 объекты. Уыдон се 'ппæт дæр æнæмæнг хъæугæ сты æнæниздзинад хъахъхъæнынад, ахуырад, культурæйы. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, сæ сæххæст кæнынмæ тынг лæмбынæг каст цæуы, – фæбæрæг кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар.

Максим Владимиров байхъуыста, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, ахæм сывæллæттæ æмæ ацæргæ адæм кæм цæрынц, уыцы уагдæтты æдасдзинады фарстаты тыххæй, УФ-йы Президенты фæдзæхстытæ куыд æххæстгонд цæуынц республикæйы, уый фæдыл министрадтæ æмæ уагдæтты разамонджыты докладтæм.

– Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвары бадзырдмæ гæсгæ, нæ паддзахады Сæргълæууæджы фæдзæхстытæ, социалон объектты цæрæг хистæр кар адæмы, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у æмæ сывæллæтты бартæ, стæй объектты æдасдзинад куыд хъахъхъæд цæуынц, уый тынг вазыгджын хъуыддаг у. Уый Президенты 2009-æм азы фæдзæхст у, æмæ йæм иудадзыг лæмбынæг каст цæуы, – бафиппайдта Максим Владимиров.

Фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** радзырдта, уыцы къæбазы цы куыст цæуы, уый тыххæй. Министрад дзуапп дætты 15 уагдоны архайдæн, цæрынц дзы 1100 граждæны. Алы объекты дæр аразынц хъæугæ мадзæлттæ.

Ахæм куыст ма цæуы Ахуырад æмæ наукæйы министрады, сывæллæттæ кæм цæрынц, уыцы 15 уагдоны дæр – уый тыххæй фехъусын кодта министр **Алыбегты Эллæ**.

Паддзахадон программæ «Цæгат Кавказы федералон зылды рæзт» куыд æххæстгонд цæуы, уый – боны фæткы иннæ фарста. Программæйы руаджы Цæгат Ирыстоны бирæ ахадгæ хъуыддæгтæ арæзт æрцыд. Уыдонимæ – Беслæны Чкаловы уынджы 550 бынаты кæм ис, уыцы скъола, Октябрыхъæуы центрон рынчындоны 600-бынатон поликлиникæйы бындурон цалцæг, Дзæуджыхъæуы историон хайы коммуналон хызты рацарæзт.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй дарддæр ивд цæуы Алагиры районы хæххон хъæуты доны хæтæлты хыз. Куыстытæ кæронмæ фæуыдзысты 2025 азы. Уымæй уæлдай ма республикæйы æххæстгонд цæуы энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады æнæрлæугæ экономикон рæзты фæлварæн проект.

– Боны фæткы алы нысан дæр баст у нæ адæмы царды хæрзхъæддзинад æмæ æдасдзинадимæ. Уымæ гæсгæ, æнæмæнг, фæдзæхстытæ сæххæст кæнын у нæ сæйрагдæр хæс, – кæронбæттæны загъта Дзанайты Барис.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Демографи

# Æнæниз сывæллæттæ нæм цæмæй фылдæр гуыра...

**Национ проект «Демографи» æххæстгæнджытæй нæ республикæйы иу у Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад.**



Проекты фæлгæты уый мадзæлттæ аразы, цæмæй нæм сывæллæттæ фылдæр гуыра, стæй сывæллон ныййарыны кары сылгоймæгты æнæниздзинадмæ цæстдарыны мадзæлттæ дæр аразы. Уымæй уæлдай, цæст дары 15-27-аздзыд æнахъомты æнæниздзинадмæ дæр æмæ сын уыцы нысанимæ профилактикон æркаст ацæуын кæны. Зæгъæм, ивгъуыд аз урологтæ-андрологтæ æмæ акушертæ-гинекологтæ сбæрæг кодтой 21 663 æнахъом сывæллоны æнæниздзинад.

Уымæй уæлдай, Æнæниздинад хъахъхъæнынады министрад цæст дары, сывæллон ныййарыны кары нæм цы сылгоймæгтæ ис, уыдоны æнæниздзинадмæ æмæ сын аразы профилактикон æркастытæ. Афтæ, 2023 азы диспансеризаци æмæ профилактикон æркаст ацыдысты 18-37-аздзыд 37 527 сылгоймаджы (æдæппæт та республикæйы цæры уыцы кары 108 594 сылгоймаджы).

Уæлдай цæстдард цæуы, йæ сывæллонæн аипджынæй райгуырынæй тæссаг кæмæн у, ахæм æнхъæлцау сылгоймæгты уавæрмæ. Афтæмæй, 357 æнхъæлцау сылгоймаджы æрвыст æрцыд Республикон клиникон рынчындоны акушерон-консультативон центрмæ.

Æнхъæлцау сылгоймæгтæн медико-социалон æххуысы куыстуæттæн сæ куыст фæразæнгарддæр кæныны нысанимæ æнхъæлцау сылгоймæгтæ æмæ, сывæллон ныййарыны кары чи ис, ахæм сылгоймæгтæн УФ-йы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад бацæттæ кодта анкетæтæ. Ныртæккæ дзы пайда кæнынц нæ республикæйы 14 медицинон кусæндоны.

Сывæллæттæ бирæ кæнынмæ бинонты разæнгард кæныны æмæ сын социалон æххуысы мадзæлттæ амоныны тыххæй республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады, Фæллой æмæ социалон рæзты, Ахуырады министрадтæ Адæмæн куыстдæттыны комитетимæ иумæ саразтой уæлдæр амынд анкетæтимæ баст сылгоймæгтæ æмæ сывæллонджын бинонтæн регионалон социалон æххуысы мадзæлтты номхыгъд. Уыцы мадзæлттæ амонынц, сывæллон ныййарыны кары чи ис, уыцы сылгоймæгтæн цавæр федералон æмæ регионалон æххуыстæ ис, уыдон. Уый тыххæй хъуысынгæнинæгтæ фенæн ис сылгоймæгты консультациты, стæй Репродукци æмæ бинонты æнæниздзинад хъахъхъæнынады центры дæр. Афтæмæй, анкетæ чи ацыд, 281 уыцы æнхъæлцау сылгоймагæй 85 рахастой сывæллон ныййарыны тыххæй уынаффæ.

Царды зын уавæрты бахауæг æнхъæлцау сылгоймæгтæн медико-социалон æххуысы центр æмæ сылгоймæгты консультациты медико-социалон æххуысы кусæнуæтты арæзт æрцыд 1 390 консультацийы (сылгоймæгтимæ ныхас кодтой акушер-гинеколог æмæ психологтæ). Уый фæрцы 567 æнхъæлцау сылгоймаджы рахастой раст уынаффæ – сывæллон ныййарын. Уыцы хъуыддаг къухы стыр зынтæй кæмæн æфты, ахæм сылгоймæгтæн та баххуыс кæнынц нырыккон технологитæ. Афтæ, ЭКО кæй хонынц, 240 ахæм процедурæйы арæзт æрцыд ивгъуыд аз, æмæ уый фæрцы 2023 азы нæ республикæйы райгуырд 124 сывæллоны, уыдонæй фаззæттæ – 12.

Ныййарджытæй кæнæ æрдзæй рахæсгæ низтимæ райгуырынæй тæссаг кæмæн у, ахæм сывæллæтты рагацау базоныны тыххæй, стæй ноггуырдты 'хсæн мæлыны цаутæ кæнæ, кæй фæсахъат сты, ахæм цаутæ къаддæр кæныны нысанимæ нæм æххæстгонд цæуы «2023-2025 азты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы неоналон скрининг рапарахат кæнынæн мадзæлттæ аразын»-ы республикон программæ. Сфидар æй кодта нæ республикæйы Хицауад. Уыцы программæйы фæрцы 2023 азы 1 январæй фæстæмæ чи райгуырд, уыцы сывæллæтты сбæрæг кæнынц 36 низыхатмæ гæсгæ.

Сывæллæтты республикон клиникон рынчындоны, стæй, Краснодары профессор С. Очаповскийы номыл 1-æм клиникон рынчындоны медико-генетикон консультациты неонаталон скринингы фæлгæты каст æрцыд 7 453 ноггуырдмæ æмæ рабæрæг ныййарджытæй рахæсгæ 298 низыхатты, 34 сывæллоны та райгуырдысты сахъатæй. Арæзт æрцыд 1 723 консультацийы. Афтæмæй, ноггуырдты æнæниздзинадмæ дарддæр дæр каст цæудзæн ноджы бæстондæрæй æмæ алцыдæр арæзт цæудзæн, цæмæй нæм сæ нымæц фылдæр кæна, уымæн.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Йæ куысты – фæзминаг

# «Ацы фæндаг мах саразтам»

**Фидæны фæндагæн бындур æвæргæйæ, æнæ уæззау техникæйæ нæй гæнæн. Арæзтады къабазы кусджытæ зонынц, æппæты зындæр грейдерыл кусæн кæй у. Куы бахъæуы, уæд карды хуызæн лыг кæны зæххы уæлцъар æмæ йæ тыхы фæрцы, фидæны арæзтады фæз куыд æмбæлы, афтæ слæгъз кæны. Йæ шофырæй домы техникæйы иттæг хорз зонындзинæдтæ, сæрæндзинад, арæхстдзинад. Æнæмæнг хъæуы æдасдзинады домæнтæ æххæст кæнын дæр.**



Ахæм дæсны æмæ фæлтæрдджын специалист у фæндæгтæ аразæн куыстуат «Ирдорстрой»-йы грейдеры шофыр **Дзгойты Олег.**

Черменыхъæуккаг лæппу æфсады фæстæ сахуыр кодта Армавиры автомобилон фæндæгты техникумы. Уæдæй абонмæ 34 азы рацыд, уæддæр Олег йæ зæрдæ нæ сивта йæ равзæрст дæсныйадыл. Ирыстоны бирæ рæтты сæрыстырæй равдисдзæн æмæ зæгъдзæн, мæнæ ацы фæндаг мах арæзтам, зæгъгæ.

– Мæ куыст уарзын, уымæн æмæ йæ зонын, нæ фыдæбон арфæйаг у, адæмæн удæнцойдзинад хæссы, æмæ нæ уый разæнгард кæны куыстмæ. Уæдæ, зæгъын хъæуы уый, æмæ нæ куысты уавæртæ хорз кæй сты, фæндæгтыл кусы нырыккон фæсарæйнаг, адæймагæн йæ архайд рогдæр чи кæны, ахæм техникæ, – зæгъы Дзгойты Олег, йæ автогрейдермæ амонгæйæ.

– Æрвылбоны куыстæй нæ фæндæгты аивдзинадыл архайæм, æмæ нæ коллективæй алы адæймаг дæр йæ бавæрæн хæссы иумæйаг хъуыддагмæ, уыдонæй иу у Дзгойы-фырт. Æнæзивæгæй цæуы йæ куыстмæ, цы хъуыддаг ын бабар кæнæм, уый бæрнон æмæ хæдзардзинæй афойнадыл æххæст кæны, – зæгъы куыстуаты разамонæг **Дзодзиаты Тамерлан**.

Дæсны специалист æгуыст никуы вæййы. Нырткккæ йæ хъару, йæ зонындзинæдтæ æвдисы Æрхонкæйы станицæйы уынгтæй иуы арæзтады.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**
**Къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

Ивгъуыд цаутæ мысгæйæ

# Абон дæр нæ рох кæнæм уыцы балц



Концерты фæстæ. Сергей ЧЕПЛАКОВ, БАЙТЫ Светланæ, ХЪОДЗАТЫ Валери, ОРТАБАЙТЫ Бертæ æмæ ДЫГУРТЫ Светланæ (галиуæрдыгæй рахизæрдæм)

**Уæд æз куыстон музыкалон инструментты фабрик «Терч»-ы директорæй. 1986 азы, сæрды, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны 45 азы агъоммæ, нæ коллективы бафæндыд нæ фыдæлтæ æмæ бабаты ингæнтæ Германы бабæрæг кæнын, уыдон уым сæ цард раттой, немыцаг фашисттимæ тох кæнгæйæ, нæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау.**

Кусджыты фæндон куы базыдтон, уæд иуцасдæр дызæрдыг кодтон, раст бакæндзынæн æви нæ, ахæм стыр бæрнондзинад, куыд коллективы разамонæг, мæхимæ райсгæйæ. Хуымæтæджы балц, мыййаг, куы нæ уыди. Фæлæ уый фæстæ æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: куыстадон хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ, нæ кусджытæ нæ ауæрстой сæ хъарутыл, æвдыстой бæрзонд фæллойадон бæрæггæнæнтæ, нæ республикæйы уыдыстæм раззагдæр коллективтимæ. Арæзтам цæрæнуæттæ фабрикæйы кусæг адæмæн, уыдис сын хорз уавæртæ сæ фæллад уадзынæн, æххуыс кодтам рæвдауæндæттæ, скъолатæ, колхозтæ, совхозтæн...

Фæзынди нæм фæсивæдон ансамбль «Ирон фæндыр». Иу ныхасæй, нæ хъуыддæгтæм нын фау ничи æрхастаид. Æмæ уæд коллективы разамонæг ахæм кусджыты фæндонимæ куыд нæ сразы уыдаид?

Уынаффæ рахастам: цæуæм стыр къордæй, фæллойы ветерантæ æмæ фæсивæд Германы Демократон Республикæмæ. Къорды уыдысты хистæртæ – Елхъанаты Тамарæ, Дыгурты Еленæ, Джимиты Валентинæ, Багаты Екатеринæ, Дзиоты Зоя, Кудзаты Руслан, Цæболты Къоста, Дзуццаты Виктор æмæ æрыгæттæ: Дзæгъойты Ритæ, Гæцойты Анфисæ, Цæболты Алан, Джыккайты Бэлæ, Бæтиаты Ритæ, Калоты Ирæ, Беслехъоты Фатимæ, Ортабайты Бертæ, Дыгурты Светланæ, Кодзаты Валери, Сергей Чеплаков æмæ иннæтæ, æдæппæтæй 35 адæймаджы. Алкæмæндæр бамбарын кодтам, фæсарæнты, æндæр паддзахады хи дарын куыд хъæуы, уый.

Берлинмæ куы ныххæццæ стæм, уæд æрæнцадыстæм фысимуаты, нæ фæллад суагътам, дыккаг бон та райдыдтам горæтимæ зонгæ кæнын. Алцыдæр нын цымыдисаг уыдис, фыццаджыдæр, уынгты æгъдау æмæ сыгъдæгдзинад. Тынг бирæ хæдтулгæтæ. Уыдыстæм музейты, бабæрæг кодтам Берлины бæрæгастæу Александерплац, зæгъгæ, уыцы фæз, стæй Бранденбурджы кулдуæрттæ, уыдыстæм, Берлин дыууæ дихы чи кодта, уыцы къулы раз. Йæ сæрты бакæсгæйæ нæм хорз зындысты Ныгуылæн Берлины хæдзæртты сæртæ.

Бацыдыстæм советон æфсæддоны цыртдзæвæнмæ Трептов-парчы. Уæлдай сæрыстырæй та æнкъардтам нæхи – уæлахиздзауты кæстæртæ, Берлины уæрæх уынгты цæугæйæ. Нæ размæ фæлтæры минæвæрттæй бирæ хæттыты фехъуыстам, хæсты фæстæ азты дæргъы Скæсæн Герман æмæ Советон Цæдисы адæм ацы ран цард æрбынæттон, æрнывыл кæнынил куыд зæрдиагæй фæцархайдтой, æппæт уыдæтты тыххæй.

Рох нæ нæ уыдысты нæ куысты хабæрттæ дæр, бæстон базонгæ стæм Берлины музыкалон инструментты куыстуæтты раззагдæр технологитимæ.

Раттам концерттæ дæр. Сæ фыццаг – музыкалон инструментты фабричы. Æрбацыдысты йæм тынг бирæ адæм – кусджытæ, инженертæ, техниктæ, куыстуаты разамынд. Райдианы фысымтæ æмæ уазджытæ кæрæдзийæн раарфæ кодтой, уый фæстæ изæр амонæг Цæболты Къоста рахуыдта сценæмæ нæ фæндырдзæгъдæг Ортабайты Бертæ æмæ "Симд"-ы кафджыты. Уыцы кафт афтæ тынг фæцыд залы уæвæг адæмы зæрдæмæ, æмæ ма йæ нæ фæсивæд акодтой ноджы иу хатт. Нæ концертон номыртæй-иу алкæмæндæр адæм саразтой тыхджын къухæмдзæгъд. Ансамбль «Ирон фæндыр» ратта фондз концерты музыкалон куыстуæтты æмæ æртæ – советон æфсæддон хæйтты, уым-иу ныл сæмбæлдысты уæлдай æхсызгонæй, уæлдай зæрдиагдæрæй нылцин кодтой.

Махæн нæ бон баци уыцы балцы рæстæг ирдæй равдисын нæ аивад, нæ культурæ, стæй банкъарын, сабыр æмæ кæрæдзи æмбаргæйæ цæрынæй хуыздæр ацы дунейыл кæй ницы ис.

Дзæвгар азтæ рацыд уæдæй нырмæ, фæлæ мæ абон дæр рох нæу уыцы балц.

**БÆДТИАТЫ Григори,**
**Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг**

Рафыссæм газет «Рæстдзинад» 2024 азы дыккаг æмбисæн!

Бинонты аз

2024 ГОД СЕМЬИ

# Сæ дыккаг мад

**Габысатæ уыдысты бирæсывæллонджын бинонтæ. Фыд Петка, хæстон лæг, йæ къай Зинæимæ хъомыл кодтой фондз чызджы æмæ дыууæ лæппуйы. Кæд сæ уавæртæ тынг бæллиццаг нæ уыдысты, уæддæр фæрæзтой цæрын. Петкайыл Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстиуджытæ сæ уæз æруагътой, йæ бирæ цотæй ницыуал федта. Баззад ныййарæг бинонты сæргъы. Уый æртæ сменæйы куыста Беслæны шпъалытæгæнæн заводы лæгты æмрæнхъ. Йæ бон куыд уыд, афтæ хъомыл кодта йæ сывæллæтты дæр. Уæдмæ уыдон фæхъомыл сты æмæ сæ мадæн æххуыс кодтой. Уыцы зын бонты йæ хъæбулты ницыхъуаг уагъта сæ ныййарæг, æмæ йын уыдон дæр се 'ххуысы хай кодтой.**

Бахъомыл сты, уæдæ цы, алчидæр сæ йæ царды фæндагыл æрлæууыд. Хистæр лæппу бинонты хъуыддаг бакодта Къарджиаты мыггагимæ. Зæгъæн ис, æмæ сæм амонд йæ мидбылты худт. Барис æмæ Мæдинæ кæрæдзийы бамбæрстой æмæ хæрз цыбыр рæстæгмæ сæ куыстуарзондзинадæй æрбахæдзар сты. Скодтой сæ фыды бæстыхайы фарсмæ сæхицæн цæрæн бынат. Мæдинæ йе 'гъдау æмæ æфсармæй канд мыггагæн нæ, фæлæ æнæхъæн сыхбæстæн дæр йæхи бауарзын кодта.

Цардмæ сын рантыст дыууæ чызджы æмæ иу лæппу. Уæдмæ кæстæр æфсымæр Кот дæр бинонты кой бакодта. Фарны къах та Габысатæм бавæрдта Дзалаты уæздан чызг Тамарæ. Дыууæ чындзæн сæ астæу ахæм хъармдзинад сæвзæрд æмæ хоты хуызæн кæрæдзиуыл узæлыдысты. Дыууæйæ дæр куыстой Беслæныхъæуы рынчындоны. Кусынмæ дæр цыдысты иумæ, фæстæмæ дæр – афтæ.

Фæлæ, куыд фæзæгъынц, цард мæнгард у. Хъысмæт гадзрахатæй рацыд Барис æмæ Мæдинæйыл. Фынддæс азы куы ацардысты, уæд æваст Мæдинæ уæззау низы амæттаг бацис. Бæргæ архайдтой бинонтæ æмхуызонæй йе сдзæбæх кæнынныл, фæлæ адзалæн мадзал кæд чи ссардта. Йæ сывæллæттæм фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæйæ сау зæххы хай бацис. Канд Габысаты бинонтæ нæ, фæлæ æнæхъæн сыхбæстæ дæр æрвдзæфау фесты.

Хорз хъуыды кæнын, Барис æдзух йæхи сусæг цæссыгтæй куыд æхсадта, уый. Фæлæ цы гæнæн ис, цард цæуы æмæ фарн хæссы. Сывæллæттæ æнæ мадæй тухитæ кодтой. Томæ йæ удæй архайдта, йæ уарзон æдзард файнусты сывæллæтты ницы хъуаг уагъта, фæлæ цастæ йæ бон уыд иу хæдзарæй иннæмæ. Йæ цæрæнбон бирæ уæд, уыцы рæстæджы йæ рыстзæрдæ тиу æмæ йын йæ сывæллæттæн, удуæлдайæ кæй лæггад кодта, уый тыххæй.

Рацыд дыууæ азы, гæнæн нал уыд, æмæ уыцы сывæллæтты уæлхъус балæууыд фарныхъæукхаг Дзампаты Мырзабеджы чызг Ларисæ. Æвæццæгæн, æмæ Ларисæ йæхæдæг дæр 18-аздзыдæй æнæ мадæй кæй баззад, уымæ гæсгæ сывæллæттæн тæригъæд кодта, хистæр чызг Маринæйыл цыд цыппæрдæс азы, Беллæйыл – иуæндæс, лæппу Сосланыл та – фондз азы. Уыдоны зæрдæтæм æнцонтæй фæндаг ссарын нæ уыд, фæлæ Ларисæ алцæмæн дæр бафæрæзта, уæзданæй архайдта æмæ уайтагъд царды йæ бынат ссардта. Барис йæ уæззау зонд æмæ æмбаргæдзинады руаджы базыдта, йæ сывæллæттæ куыд бабастаид йæ ног бинойнагимæ, уый, æмæ йын æнтысгæ дæр бакодта.

Адæм раздæр цас фæразондæр, æмбаргæдæр уыдысты, уый тыххæй æрхæсдзынæн ахæм дæнцæг.

Ларисæ ацы хæдзармæ куы æрбацыд, уæд цасдæр рæстæджы фæстæ, ирон æгъдаумæ гæсгæ бинонтæ сцæттæ кодтой фынджыдзаг, цæмæй ацы ног адæймаг, уæлмæрды хатыр ракура, кæй бынат бацахста, уымæй, æмæ йæм мацы бар дара.

Æрбадзырдтой мæнмæ дæр йæ ходыгъдтæ æмæ æфсин. Фæцæуæм, æмæ æфсины афтæ бафæндыд, цæмæй Мæдинæйы мад Тамарæ дæр семæ ацæуа. Къарджиатæ фæндагмæ хæстæг кæй цардысты, уымæ гæсгæ нæ хæдтулгæтæ уым фæурæдтам, æмæ æз Зинæмæ мады ракодтон. Нæ æрхæццæмæ Ларисæ хæдтулгæйы раз лæууыд æфсæрмхуызæй.

Тамарæ йæ цурмæ бацыд æмæ кæд йæ зæрдæ рыст йæ æдзард чызгыл, уæддæр чындзы æрбахъæбыс кодта, абонæй фæстæмæ, дам, мæнæн Мæдиккæйы бæсты ды уыдзынæ мæ хъæбул, зæгъгæ. Иууылдæр скуыдтам, уыцы тыхджын усы ныхæстæм. Ныртæккæ ма исчи афтæ бакæнæд!

Мæдинæты фыд Хаджумар уыдис хæстон лæг, æмæ-иу æй алы аз дæр ацы бинонтæ лæвæрттимæ бабæрæг кодтой 9 Майы. Иу аз та йын акодтой кусарт йæ райгуырæн бон. Уæдмæ чызджытæ сæ ног цæрæн хæдзæрттæ бацагуырдтой. Сæ дыккаг мад Ларисæ се 'ппæтæн дæр кад æмæ æгъдау фæкодта. Уæдæ сын уæдмæ цот дæр рацыд, уыцы сывæллæттæ фæлладуадзæн бон куы æрцæуынц Габысатæм, уæд сæ мадæрвадæлтæй нал фæкомынц.

Уæдæ ма зæгъон ацы хабар дæр. Ларисæ æмæ Барисæн ис иумæйагæй чызг Дзерассæ. Иннæ сывæллæттæй хъауджыдæр мад уымæ уæлдай цæстæнгас никуы равдыста. Ларисæ у тынг æмбаргæ сылгоймаг, никуы фæхицæнтæ кодта, уый хыгъд архайдта æмæ æнгом кодта Къарджиаты бинонты. Мæдинæйы хо Раяимæ дæр цæры хи хойау.

Цард йæ кæнонтæ кæны, æмæ Дзерассæйы Алагирмæ аскъæфтой, Ларисæ йæ ходыгъдты разæй дæр лæбурджытимæ арвыста Мæдинæйы хо Раяйы.

Хистæр чызг Маринæ афтæ фæзæгъы:

– Махæн уыди тынг зын нæ мады фæстæ нæ хæдзары æндæр сылгоймаджы уынын. Фæлæ ахæм адæймаг разынд Ларисæ, æмæ цыбыр рæстæгмæ нæ зæрдæтæм фæндаг ссардта, йæхиуыл нæ сбаста. Нæ маст дæр, нæ цин дæр уымæн дзырдтам, ныр нæхæдæг кæд бинонтимæ цæрæм, уæддæр.

Не 'дзард мады бæсты нæ хъысмæт кæй бар бакодта, уыцы Ларисæйæн мах аргъ кæнæм æмæ кæндзыстæм, цалынмæ цæрæм, уæдмæ. Нæ сывæллæттæн дæр нын у фæлмæн нана, æрхъæцмæ нæ фæхъæцынц нæ фыд Барисимæ, æрæгмæ сæм куы фæцæуынц, уæд.

Афтæ, йе 'гъдæуттæй, йæ уæздандзинадæй Ларисæ æнæхъæн Беслæныхъæуæн дæр дæнцæгæн хæссынмæ бæззы, æмæ йæ цæрæнбонтæ бирæ уæнт. Нæ ирон адæмы 'хсæн Ларисæйы хуызæн сылгоймæгтæ, бинонтæ кæрæдзиуыл æнгом чи кæны, ахæмты фылдæр куыд уа, уый та Стыр Хуыцауы бафæндæд.



**ДЗАНДАРАТЫ Зарифæ,**
**æхсæнадон уацхæссæг**

# Нарты Сатанайау – йæ къæбиц

**Хорз сыхаг, дам, хæстæг, хиуонау адджын у. Адæймаг, дам, хурыскасты разæй дæр йæ хорз сыхаджы уындыл бацин кæны. Æмæ ма нын бирæ æндæр арфхъуыдыджын ныхæстæ баззад хорз сыхаджы тыххæй нæ куырыхон фыдæлтæй. Æмæ, æцæгæйдæр, бахъуыды рæстæг адæймагæн, фыццаджыдæр, йæ хорз сыхаг æрбалæууы йæ уæлхъус. Æххуысы къух æм йæ мадызæнæджы разæй дæр уый бадары.**

Бирæ азты дæргъы, мах, Фыййагдоны 10-æм хæдзары цæрджытæ, «а» æмæ «о»-йæ цæрæм, кæрæдзийы уарзгæ, кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ, нæ кæрæдзийы фенд нын дæтты æхцондзинад. Æз се 'ппæтæй дæр стыр бузныг дæн сæ адæймагдзинад, се 'рхъуыдыдзинадæй, фæлæ мæ фæнды бæлвырддæр зæгъын Хъуылымбегты æнгом бинонты тыххæй.

Хъуылымбегты Гиви йæ цардæмбал Жаннæимæ æртын азы размæ Хуссар Ирыстонæй куы 'рбалыгъдысты, уæд æрцардысты Фыййагдоны поселочы. Цыбыр рæстæгмæ сæхи бауарзын кодтой, канд сыхæгтæн нæ, фæлæ æппæт комбæсты цæрджытæн дæр. Дыууæ цардæмбалы Мады-Майрæм барæвдыдта æртæ хъæбулæй. Схъомыл кодтой æмæ царды раст фæндагыл сæвæрдтой фæллойуарзаг чызг æмæ дыууæ лæппуйы, раттой сын уæлдæр ахуырад.

Хъыгагæн, Гиви атагъд кодта йе 'цæг дунемæ, фæлæ Жаннæ хæдзар фæцудын нæ бауагъта. Жаннæ у хæрзуд, хæларзæрдæ, алцыæмбараг, цæстуарзон, йæ цæхх, йæ кæрдзын йæ армы чи дары, ахæм сылгоймаг. Кæд ыл азтæ уыйбæрц нæма цæуы, уæддæр у ас куырыхон сылгоймагау æмбаргæ. Сыхбæсты цин уа, зианы – цыфæнды рæстæг дæр фæкæсынмæ Жаннæ кæддæриддæр у цæттæ. Сыхбæсты, бахъуыды рæстæг, кæй уæларынг нæ балæууы, ахæм бинонтæ нæ разындзæн, йе 'ххуысы хай бакæны поселочы, суанг ма æндæр сыхы дæр. Афтæ куы зæгъон, йæ лæггæдтæ æнæнымæц сты, уæд æппындæр нæ фæрæдидзынæн. Йæ алы фезмæлд, йæ алы сныхасæй дæр архайы йæ уарзон сыхæгтæн балæггад кæнынил. Йæ армытъæпæнтæй сой лæдæрсы, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм бæркадкъух, арæхстджын, рæдау æфсин у Жаннæ.

Йæ бинонтæн хъарм къæбæр скодта, æмæ йæ хæрзад хойрагæй сыхæгты ма фæхынца, афтæ никуы вæййы. Фæллойуарзаг Хъуылымбегты бинонтæн сæ сыгъдæг удвæллойы бæркадæй дзаг у сæ фæрныг къона. Нарты Сатанайау сæ къæбиц уæлейæ исгæ, бынæй ахадгæ у. Сæ исæй рæдауæй хайджын кæнынц сæ алыварс адæмы, сæ сыхæгты. Кæуылты у сæ къæбæрдæттондзинад! Æмæ уый, æнæмæнг, арæзгæ у хæдзары хистæр, рæдау æфсинæй. Жаннæ бирæ азты дæргъы фарнамонд æмæ рæдаудзинад адæмыл тауы. Бакастæй – аив, зæрдæйæ æнкъараг у мæ хорз сыхаг. Алы хъуыддаджы дæр у хъæппæрисджын. Йæ хъус дары нæ иумæйаг кæртыты сыгъдæгдзинадмæ. Арæх расиды зиутæ. Рамбырд кæны сыхæгты, йæхи кæстæрты, æмæ йæхæдæг – сæ разæй, афтæмæй уайтагъд цæхæртæ скалын кæнынц нæ цæрæн хæдзары алывæрстæ, бацæуæнтæ.

Нæ сыхы фидауц Жаннæ у, хæдзары артдзæсты хъармдзинад, бинонты фарн кæмæй цæуы, ахæм бинонты хистæр, хорз мад, уæздан æфсин æмæ фæлмæн нана, мыггагæн, хиуæттæн, хæстæджытæн зæрдиаг лæггадгæнæг. Жаннæйæн йæ хъæбултæ æртæйæ дæр сты адæмуарзон, фæллойуарзаг, уæздан, æнæхин, æмгарджын, æфсармджын кæстæртæ. Хъысмæты фæндонмæ гæсгæ ссардтой сæ амæндтæ дæр.

Хъуылымбегты фæрныг къонамæ æркуывтой дыууæ уæздан чындзы. Зæлинæ æмæ Кристинæ дæр, се 'фсинау арæхстджынæй, цæстуарзонæй лæггад кæнынц сыхбæстæн, хæстæджытæн. Хорз сиахс, дам, бинонтыл нымад вæййы, æмæ Жаннæйы Хуыцау уæздан сиахсæй дæр фæхайджын кодта. Æппæтæй бæллиццагдæр та уый у, æмæ Хъуылымбегты бинонтæ: хистæрæй, кæстæрæй, чызгæй, лæппуйæ, чындзæй, сиахсæй кæрæдзиуыл æнувыд кæй сты – цæрынц уарзонæй. Уарзондзинад, хъæрмуд ахастдзинæдтæ цы бинонты 'хсæн вæййы, уыдонæн сæ фидæн, æнæмæнг, бæркадджын вæййы. Хъуылымбегты цардбæллон кæстæртæ се 'ппæт дæр сæхи сыгъдæг удвæллойæ сты цардхъом æмæ ма æххуысхъом дæр. Искæмæ сæ æххуысы охыл куы баулæфай, уæд цыфæнды хъуыддаг дæр ныууадздзысты æмæ дын дæ курдиат сæххæст кæндзысты. Сыхбæсты, комбæсты цины лæггадгæнджытæ, зианы фыдæбонгæнджытæ. Кад æмæ радимæ æххæст кæнынц æхсæнадон царды домæнтæ. Цыбыр дзырдæй, сæ алы къахдзæфæй дæр сты фæзминаг.

Дунесфæлдисæг мæ дзæбæх сыхаджы хъæбулты хъæбултæй дæр барæвдыдта. Жаннæйæн йæ чысыл цыппар хуры тыны сты йæ цин, йæ цæсты рухс. Хуыцау ын сæ бабирæ кæнæд! Амондимæ байрæзæнт, бахъомыл уæнт!

Зæххон царды рæсугъддзинад æрмæст уындæй нæ вæййы, фæлæ ма зæрдæйы хорздзинадæй æмæ, æххуысхъуагмæ йе 'уæхск бадарынхъом куы вæййы, уæд уыцы адæймагæн аргъ нæй. Гъе, ахæм æвæджиауы миниуджытæй дæр хайджын сты мæ зынаргъ сыхæгтæ – Хъуылымбегты æнгом бинонтæ. Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ цæхæрцæст лæппутæ Радик æмæ Сослан дыууæйæ дæр цæсты гагуыйау хъахъхъæнынц адæмы сабырдзинад. Равзæрстой зын, фæлæ ныры дуджы æнæмæнгхъæугæ, арæнхъахъхъæнæджы дæсныйад. Хистæр, Радик, ныртæккæ хъахъхъæны нæ бæстæйы хæдбардзинад, у сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг. Тæппуддзинад не 'вдисгæйæ, хæсты быдыры хъæбатырæй тох кæны неофашизмы ныхмæ. Дунейы фарн ахæм арфæ ракæнæд, æмæ Радик, нæ сæрæн лæппутæ иууылдæр рæхджы сæрæгасæй, уæлахизимæ сæ хæдзæрттыл куыд сæмбæлой!

Æз мæхæдæг бирæ лæггæдтæ зонын мæ дзæбæх сыхаг Жаннæ æмæ йæ кæстæртæй. Кæддæриддæр мыл узæлынц хорз хионау. Æмæ сын мæ сæрæй ныллæг кувын, зæгъын сын стыр бузныг. Цард цæрынæн у, æмæ Хъуылымбегты æнгом бинонтæ цъæх арвы бын цæрынæй бафсæдæнт! Хистæрæй, кæстæрæй, стырæй, чысылæй æдзух цинæфсæст уæнт!

Ацы зыд, кæрæф, æнæфсис дуджы адæймаджы сыхаджы хорзæх куы уа, уæд уый у Хуыцауы зæрдиаг лæвар! Гъемæ уе 'ппæт дæр, зынаргъ газеткæсджытæ, хорз, сыгъдæгзæрдæ сыхæгтæй хайджын ут!

**ФÆРНИАТЫ Рая,**
**Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

# Ахæм хистæртæй фидауы цард

**Курдиатджын адæймаг, ирон дзырды фарнхæссæг, ныййарæг мад, фæлмæн нана, æфсарм, æгъдау йæ уды ахсджиаг бынат кæмæн ахсынц, уæздандзинад йæ разæй кæмæн цæуы, хæдзары кад фæцудын чи нæ уадзы, къæбæрдæттон æфсин – уыдон иууылдæр хауынц Ног Бæтæхъойыхъæуы цæрæг ХЪАРАТЫ-ХÆУЫТАТЫ Агуыбейы чызг Светланæмæ.**

Светæ райгуырд Хъæдгæроны. Скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы педагогон училищæмæ, нывкæнынады хайадмæ. Алывæрсыг курдиаты хицау чызг уыд активон архайæг училищæйы æхсæнадон царды. Уагъта къулы газеттæ бæрæгбæттæм, архайдта драмон къорды. Ныр куыд мысы, афтæмæй студенттæ цардысты тынг хæларæй, кæрæдзиимæ æнгомæй, хотæ æмæ æфсымæрты хуызæн. Къордты йемæ чи архайдта, уыдон нæ районæй уыдысты **Дауыраты Дамир, Къæбойты Мурат, Æгкацаты Зелим, Дзампаты Светæ, Цæлойты Риммæ...**

Светæ ахуыры фæстæ кусынмæ æрвыст æрцыд Алагиры районы Црауы скъоламæ. Æрыгон ахуыргæнæгмæ йæ коллектив ракастысты тынг дзæбæх цæстæй, аргъ ын кодтой скъоладзаутæ дæр.

Светæ йæ чындздзон кары бацыд, æмæ йæ царды уылæнтæ æрбахастой Ног Бæтæхъойыхъæумæ, Хъараты хæдзармæ. Æрыгон чындз йæ ног бинонтæм æрбаййæфта хицау Ладейы, æфсин Любæйы, тиу Къостайы, ныр йæ бинонтæ цæрынц Дзæуджыхъæуы, ходыгъд Лидæ – Беслæны 1-æм скъолайы ахуыргæнæгæй фæкуыста. Абон сæ æгас ничиуал у. Семæ ма цард Машкæ – Лидæйы файнуст. Йæ мой хæсты фæмард, æмæ йæ цæгатмæ Хуымæллæгмæ нал ацыд. Йæхицæн цот дæр нæ уыд, йæ лæгимæ цыбыр бонтæ ацард æмæ йæ файнусты сывæллæттæн уыд сæ дыккаг мад.

– Æрбаййæфтон диссаджы сылгоймæгты, файнустытæ дæр сæ нæ загътаис. Алы хатт дæр сæ цæвиттонæн æрхæссын. Уыдон куыд дзæбæх фæцардысты! Дыууæйæ-иу ныхас кодтой, æртыккаджы кой никуы ракодтой, рагон хабæрттæ-иу дзырдтой, бинонтæ амондджын цæмæй уой, ууыл архайдтой, – мысы Светæ.

Хæуытон, кæй зæгъын æй хъæуы, кусынмæ бацыд Ног Бæтæхъойыхъæуы астæуккаг скъоламæ æмæ дзы фæкуыста пенсимæ рацæуыны онг. Ам дæр коллективæн уыд уарзон, ныййарджытæн – арфæйаг, скъоладзаутæн – зондамонæг. Мæнæ куыд радзырдта уæды рæстæджы тыххæй:

– Мæ зæрдæйæ нæ хицæн кæнынц, цы диссаджы адæм дзы баййæфтон, уыдон. Се 'хсæн ног кусæг уыдтæн, æмæ мыл сæ арм дардтой. Афарстой мæ-иу, сывæллæттæ куыд сты, урочы сæхи хорз дарынц, зæгъгæ. Директортæ дæр цалдæр раивтон, сæ иу иннæмæй хуыздæр уыдысты. Кусынмæ мæ уыдонæй райста Ходы Алыксандр. Цард дæр, сывæллæттæ дæр цы сты, уый æмбæрста. Йæхицæн дæр бирæ цот уыд. Тынг хорз уыдысты ахуыргæнджытæ дæр.

Ныры ахуыргæнджытæн сæ домæнтæ фылдæр сты, æмæ сын зындæр кусæн у. Уыимæ, сæ программæтæ дæр зындæр систы. Æз мæ лæппуйы лæппуимæ куы фæархайын, уæд ахъуыды кæнын, уый бæрц сын сæ сæры зонд цæмæн æмтъеры кæнынц, зæгъгæ. Мах цы программæтыл ахуыр кодтам, уыдон æнцон æмбарæн уыдысты, æмæ нæ фæлтæрæй бирæтæ, æхсæнадон куысты, разамонæджы бынæтты сæхи ссардтой.

Хъомыладæн ма хорз ахъаз уыдысты ногдзауты, фæскомцæдисонты, тимуронты къордтæ. Уыдон цас размæ кодтой фæсивæды! Фыдыбæстæйы хъайтарты къамтæ-иу къултыл конд уыдысты, æмæ патриотон-хъомыладон куыст йæ бынаты æвæрд уыд. Ныртæккæ мæнæ Украинæйы хæсты чи фæмард, уыдоны номыл скъолатæ схонынц, номарæн фæйнæджытæ къултыл сæвæрынц, æмæ мæ зæрдæмæ цæуы, се 'ргом хъомыладмæ кæй раздæхтой, уый.



Светæ ма ахуыргæнæджы куыстæй уæлдай фыссы уацмыстæ, æмдзæвгæтæ, газетты арæх мыхуыргонд цыдысты йæ уацхъуыдтæ. Рацыд ын чиныг «Уды рухс бæллицтæ». Уыцы æрдзон курдиат Светæ рахаста йæ фыд Агуыбейæ. Уый уыд диссаджы зарæггæнæг, хъæуы йæ Хъуыбады хуыдтой. Хъæдгæроны клубы зарæггæнджыты къордимæ уыд цалдæр хатты фæсарæнты дæр.

Агуыбе æмæ йæ бинойнаг Гусаты Аминæтæн рацыд æхсæз лæппуйы æмæ æртæ чызджы.

Æфсымæрты хистæр Хъазыбег уыд историйы ахуыргæнæг, Валодя – финансон кусæг, Мухтар – шофыр, Алыксандр – тепловозы машинист, Къоста – æфсæддон, Къола – нывгæнæг, республикæйы културæйы сгуыхт кусæг, хотæй Нинæ – дохтыр, Лизæ – ахуыргæнæг. Се 'ппæт дæр, зæгъæн ис, уыдысты сфæлдыстадон куыстмæ дæр тынг æмхиц. Къоста фысгæ дæр хорз кодта. Йæ чиныг «Уæздандзинады гуырæнтæ» йын æрæджы «Иры Стыр Ныхас» ногæй дыккаг хатт рауадзын кодта, скъолаты, дам, тынг хъæуы. Къостайæн йæ фыст уацтæ алывæрсыг уыдысты. Æрæджы дæр ын ног чиныг рацыд, йæхæдæг æгас нал у, фæлæ йын йæ бинойнаг Галя йæ къухфыстытæ сæмбырд кодта æмæ йын сæ рауагъта.

Къола дæр фысгæ кодта, газетты уыд æхсæнадон уацхæссæг. Йæ чызг Зитæ телеуынынады кусы, æмæ йын загътон, цæмæй йын йæ къухфыстытæ æрæмбырд кæна, æмæ сæ чиныгæй рауадзæм. Уæдæ сæ дохтыр хо Нинæ дæр фыста, æрмæст – уырыссагау. Фылдæр фыста æркæсинаг фарстатыл, 90-æм азты, цард ивын куы райдыдта, уæд æм раст цы нæ каст, уыдæттыл. Гъе, ахæм сфæлдыстадон бинонты 'хсæн куы схъомыл уай, уæд æндæрхуызон уæвæн уыд?

Алывæрсыг у Светæйæн йе сфæлдыстад. Ис дзы уарзондзинад нæ Ирыстонмæ, ирон æвзагмæ, хъæбулмæ. Ис дзы худæджы ныхæстæ, базонбазонтæ сывæллæттæн, зонды ратæдзæнтæ...

Ис ахæм æмбисонд: «Чындз чи фены, чындзы митæ дæр уый зоны». Йæ фыды хæдзары цæргæйæ ма федта, сæ чындзытæн йæ мадимæ цы ахастдзинæдтæ уыдис, уый. Стæй йын йæ мад Хъаратæм ацæуыны размæ бафæдзæхста: «Ныры онг дын æз цы бацамыдтон, уымæй дарддæр мæ бон ницыуал у. Ныр та дын дæ ног бинонтæ цы амоной, уымæ хъус, цы дын зæгъой, уый кæн. Дæ цæгатмæ цæудзынæ уазæгуаты, æндæр дæуæн ам цæрыны бынат нал ис, æмæ куыд арæхсыс, афтæ дæ цард араз».

– Уыцы фæдзæхстытимæ æрбацыдтæн, æмæ мын цыдæриддæр дзырдтой, амыдтой, уый кодтон.

Æмæ æз дæр мæ хистæртæй цы федтон, уыцы миниуджытæ дарддæр хæццæ кæнын. Мæ чындз куы æрбацыд, уæд ын загътон: «Сылгоймагæн йе 'фсарм æмæ йæ сыгъдæгдзинад йæ хуыздæр миниуджытæ сты». Куыд ын загътон, афтæ кæны, хорз цæрæм.

Светæ йæ цардæмбал Кимимæ уарзонæй фæцардысты дыууиссæдз азы, хъыгагæн, æгæр раджы йæ фæуагъта сидзæргæсæй сæ фондз сывæллонимæ. Уыдонæй ныр алчидæр йæхæдæг у ныййарæг. Буц дарынц сæ уæздан, зынаргъ мады. Се 'ппæт дæр царды дзæбæх бынæттæ ссардтой, сæхи дарынц.

Фатимæ æмæ Иринæ Мæскуыйы цæрынц, кусынц. Альбинæ Дзæуджыхъæуы цæры йæ бинонтимæ, у дыууæ лæппуйы мад.

Хъыгагæн, чызджытæй иу – Таня, царды бæрзæндтæм тырнгæйæ, йæ цардæмбал æмæ йæ цотмæ фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæ, ацыд йæ рухс дунейæ.

Чермен йæ цардæмбал Ленæимæ цæры хъæуы йæ мадимæ. Ис æм юристы дæсныйад, уыимæ у арæхстджын хъæдæрмæгæй кусынмæ. У дыууæ лæппуйы фыд.

Сылгоймаг ныййарæг куы суа, уæд йæ фæстæ цы цот рацæуынц, йæ цард уыдонæн снывонд кæны, уыдоны амондæн, сæ хорздзинадæн, рæсугъд фæндæгтæ сын саразынæн. Уымæй дарддæр, уыдон сабыр дуджы куы цæриккой, æмæ абон Ирыстоны тохы быдыры чи хæцы, уыдоныл сабыр дуне куы скæнид, æмæ сæ алчидæр йæ ныййарæгыл дзæбæхæй куы сæмбæлид.

Уымæй дарддæр, Ирыстоны уынгты фæцæйцæугæйæ, ирон ныхас куыд хъусæм сывæллонæй зæронды онг. Уыдон сты Светæйæн йе стырдæр бæллицтæ.

**ХОСОНТЫ Земфирæ,**
**газет «Рахизфарсы цард»-ы уацхæссæг,**
**къам систа**
**СУГЪАРАТЫ Кристинæ**

**Рафыссæм газет «Рæстдзинад» 2024 азы дыккаг æмбисæн!**

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Рамбылдтой фондз хæрзиуæджы



**Республикæ Дагестаны горæт Каспийскы ивгъуыд къуырийы уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты таурæгъон богал Али Алиевы номарæн турниры ерыстæ.**

Уæрæсейы богæлттæй уæлдай, Али Алиевы номарæн турниры фæарахайынц фæсарæйнаг бæстæты минæвæрттæ. Афтæ рауад, ацы хатт цы 54-æм турнир цыди, уым дæр. Ерысты цы къорд бæстæйы богæлттæ архайдтой, уыдонæй турниры хæрзиуджытæй хорзæхджын систы аст бæстæйы минæвæрттæ.

Фесгуыхæг богæлттæй фондз уыдысты ирон лæппутæ. Уыдонæн бантыст дыууæ сыгъзæрин, дыууæ æвзист æмæ иу бронзæ майданы рамбулын.

Сыгъзæрин майдантæй хорзæхджын систы Æрчъегкаты Тотрадз, Дудайты Эльбрус æмæ Æрчъегкаты Георгийы хъомылгæнинæгтæ Тауытты Чермен (61 кг онг уæзы) æмæ Хосонты Азæмæт (125 кг онг уæзы). Тауытты Чермен турниры хæцыд Мæскуыйы номæй, Хосонты Азæмæт та хъахъхъæдта Грецийы спортивон кад.

Сербийы номæй хæцæг ирон богал Тускъаты Азæмæт 57 кг онг уæзы бацахста дыккаг бынат. Афтæ рауад Мæскуыйы номæй хæцæг Биазырты Маричы хъомылгæнинаг Хъардантты Мæхæмæты турнирон фæндаг дæр. Мæхæмæт 74 кг онг уæзы бацахста дыккаг бынат.

Æрчъегкаты Тотрадз æмæ Дудайты Эльбрусы æртыккаг хъомылгæнинаг Найфонты Алан, 86 кг онг уæзы хæцгæйæ, рацыд 3-аг бынатмæ.

Али Алиевы номарæн 54-æм турниры уæлахиздзаутæ систы: 57 кг – Муса Мехтиханов (Дагестан), 61 кг – Тауытты Чермен (Мæскуы), 65 кг – Али Рагимзаде (Азербайджан), 70 кг – Умар Умаров (Дагестан), 74 – Азнавур Таваев (Дагестан), 79 кг – Халиб Яхиев (Цæцæны Республикæ), 86 кг – Жавраил Шапиев (Узбекистан), 92 кг – Гаджимагомед Нажмудинов (Мæскуы), 97 кг – Аслан Абакаров (Азербайджан), 125 кг – Хосонты Азæмæт (Греци).

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Ахуыргæнæндæтты

# Зæрдæмæдзæугæ концерт



**Уыд нæ республикæйы Культурæйы колледжы адæмон инструментты хайады студентты дзуапдæттæн концерт. Йæ фенынмæ æрбацыдысты РЦИ-Аланийы Культурæйы министрады бæрнон кусджытæ, аивады зындгонд дæснытæ, колледжы разамынд, студенттæ æмæ сæ ныййарджытæ.**

Концерт уыд Гæздæнты Булаты номыл Национ паддзахадон оркестры концертты залы. Йæ райдайæны дзы сæ курдиат равдыстой колледжы адæмон инструментты ансамбль «Нæртон»-ы æрыгон курдиатджын музыканттæ. Йæ аивадон разамонæг æмæ дирижер, РЦИ-Алани æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист, колледжы ахуыргæнæг Ходы Олег. Фæсивæд ацагътой адæмон, национ æмæ уырыссаг музыкæйы дæсныты инструменталон уацмыстæ. Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы солисттæ Бекъойты Вано æмæ Сидахъаты Азæмæт та азарыдысты ирон æмæ уырыссаг зындгонд вокалон уацмыстæ.

Сæ фæндыры цагъды аив зæлтæй концерты уазджыты зæрдæтæ барухс кодтой коледжы ахуыргæнæг, РЦИ-Аланийы адæмон артист Дзуццаты Сослан, республикон музыкалон конкурсты лауреаттæ, колледжы студенттæ Томайты Алыксандр æмæ Хъæцмæзты Сæрмæт, студентты инструменталон ансамблы архайджытæ.

– Нæ колледжы цы студенттæ ахуыр кæны, уыдонсты алы адæмыхæттыты минæвæрттæ, се ‘ппæты дæр иу кæны аивад æмæ культурæмæ æгæрон уарзт, алчидæр сæ у курдиат æмæ зæрдæргъæвддзинадæй хайджын. Колледж каст чи фæвæййы, уыдон дарддæр райсынц уæлдæр профессион ахуырад. Кусынц Ирыстон æмæ нæ бæстæйы аивады ардзæстыты. Мах сæ ахуыр кæнæм, цы зонындзинæдтæ исынц, цы арæхстдзинад сæм ис кафын, зарын, театры аивады, адæмон инструменттæй цæгъдыны хъуыддаджы, ууыл цæмæй кусой фылдæр æмæ хуыздæр. Культурæмæ фæстаг рæстæг хорз æргом здахы нæ бæстæ æмæ нæ республикæйы хицауад. Бузныг мæ зæгъын фæнды РЦИ-Аланийы Культурæйы министрадæн, Гæздæнты Булаты номыл Национ паддзахадон оркестры дирижер Къуымæриттаты Тенгизæн, нæ концертмæ чи ‘рбацыд, уыдонæн се ‘ппæтæн дæр. Нæ колледжы коллективы номæй уын арфæ кæнын, – загъта йæ раныхасы Культурæйы колледжы директор, УФ æмæ РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Æлбегаты Ларисæ.

**Георгий СТЕПАНОВ,**
**Культурæйы республикон колледжы студент**

Базон-базон

# Цæмæн хъуыдысты ацы рагон дзаумæттæ?

**Нæ газеты ног рубрикæ «Базон-базон»-ы фыццаг рауагъд нæ бауагъта стыр ныфс – «Рæстдзинад»-ы иузæрдион хæлæрттæ йæ уарзынц, стырзæрдæ йыл нæ кæнынц, цы ‘рмæджытæ дзы раттæм, уыдонимæ зонгæ кæнынц æхсызгонæй, æрбадзурынц редакцимæ, фæзæгъынц сæ хъуыдытæ, арфæтæ дæр ракæнынц. Æмæ уый, бæгуыдæр, æхсызгон у газеты журналисттæн – æгайтма нын нæ куыстæн аргъ кæнынц, нæ хорзмæ нын бæллынц.**

Нæ ног рубрикæ «Базон-базон»-ы мах ныммыхуыр кодтам «Цæмæн хъуыдысты ацы рагон дзаумæттæ?», зæгъгæ, ахæм фарсты бынмæ къуымбилы куысты кусæнгæрзты нывтæ. Уыдонæй ма абон Ирыстоны пайда кæнынц стæмтæ, фæлæ раздæр заманты ахстой стыр бынат ирон адæмы царды. Мах ракуырдтам газеткæсджытæй, цæмæй нын ранымайой уыцы кусæнгæрзты нæмттæ. Раст дзуаппытæ фыццагдæр чи ’рбарвита, уыдоны нæмттæ та, фыстам, ныммыхуыр кæндзыстæм нæ газеты. Æмæ ныр æххæст кæнæм нæ ныхас.

Телефонæй нæм æрбадзырдтой æмæ къуымбилы кусæнгæрзтæ раст бацамыдтой: **Фидараты-Гуыссауты Ханиффæ** – Дзæуджыхъæуæй, раздæр царди Гæлиаты, Бирæгъзæнгæй **Зæнджиаты-Гæбуты Валя**, дзæуджыхъæуккæгтæ **Хæмыцаты-Гуыриаты Риммæ, Хъалæгаты-Плиты Тауырзæт** æмæ **Коцойты-Агънаты Заремæ, Хуытъинаты-Æгайты Бэлæ** – Алханчуртæй, **Толасты-Берозты Тамарæ** Джимарайæ, **Гетъоты-Куыдзойты Милæ** – Дигорайæ, **Хæмыцаты Раман** – Зилгæйæ, **Хуыбиаты Никъала** – Цхинвалæй, **Баситы Надеждæ** – Цъæйæ.

Надеждæ фæкуыста 50 азы бæрц райдайæн къласты ахуыргæнæгæй. Раст банымадта уый дæр газеты нывты нæмттæ, стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта, сæ фенд ын тынг æхсызгон кæй уыди, сæ бинонты хистæр сылгоймæгтæ дзы бирæ кæй фæкуыстой. Абон дæр Надямæ ис, йе ’фсинæй чи баззад, къуымбилы куысты ахæм дзаумæттæ.

Зæрдиаг арфæ кæнæм, уæлдæр кæй ранымадтам, уыцы хорз адæмæн, æмæ дарддæр дæттæм нæ газеты фарсыл ахæм рубрикæйы бынмæ къуымбил æмæ цæрмтты куысты мигæнæнты нывтæ. Уыдонæн дæр сæ разы амынд нымæцтæм гæсгæ хъæудзæн зæгъын сæ нæмттæ æмæ нысаниуæг.



Æрбадзурæн та уыдзæн мæнæ ахæм телефонæй: 8-962- 746-80-10, кæнæ нæ электрон постмæ (ис газеты 4-æм фарсыл рахизырдыгæй къуымы)

Рагацау та уын зæгъæм – бузныг!

Кæронбæттæны уын ранымайдзыстæм, амæй размæ ныввты кæй федтат, уыцы кусæнгæрзты нæмттæ: **1. Æлхуый. 2. Цъæгъæдз. 3. Фæтдзæгъдæн. 4. Пирæн. 5. Къуымбилдзæгъдæн кау. 6. Тынуафæн бандон. 7. Æлвисæн.**

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Зонинаг

# Журнал «Фидиуæг»-ы поэтикон конкурсы УАГÆВÆРД

**Литературон сфæлдыстады къабазы курдиатджын адæм рабæрæг кæнын æмæ сæ дарддæр хъомыл кæныны тыххæй æмæ Хетæгкаты Леуаны фырт Къостайы 165-азон юбилейы цытæн журнал «Фидиуæг»-ы редакци Ирыстоны Фысджыты æхсæнадимæ иумæ сиды ПОЭТИКОН КОНКУРС.**

**Кæмæн ис конкурсы архæйæн**

1. Конкурсы архайын йæ бон у ирон æвзагыл фыст æмдзæвгæты авторæн (кармæ нæ кæсæм). Уацмыстæ хъуамæ уой мыхуыргонд Times New Roman 14 шрифт 1,5 дæрддзæгыл.

2. Уацмысты гуырахст хъауджыдæр нæу.

**Уацмысты мидис**

1. Конкурсмæ æрбалæвæрд поэтикон уацмыстæ хъуамæ фыст уой Хетæгкаты Къостайы цард, сфæлдыстад, ирон адæмы царды йæ курдиаты ахадындзинады фæдыл.

2. Бацамынд мидисыл фыст чи нæ у, уыцы уацмыс конкурсы нæ архайдзæн.

**Конкурсы æмгъуыд**

1. Конкурсы расидт нымайын хъæуы уагæвæрд ныммыхуыр кæныны бонæй.

2. Уыцы бонæй конкурсмæ уацмыстæ «Конкурс», зæгъгæ, нысанимæ, æрбарвитæн уыдзæн журнал «Фидиуæг»-ы электрон адрисмæ: fidiauagrso@mail.ru, социалон хызæг Фейсбукы «Фидиуæг»-ы къордмæ: https://www.facebook.com/groups/748650596631206, стæй конкурсы фæдыл WhatsApp къордмæ «Хетæгкаты Къостайы номыл юбилейон конкурс».

3. Уацмыстæ ист цæудзысты 2024 азы 1 сентябрмæ. Уый фæстæ жюрийы уæнгтæ 1 сентябрæй 1 октябрмæ уынаффæ кæндзысты уацмыстæй хуыздæртæ равзарыныл.

4. 10 октябры уыдзæн уæлахиздзауты схорзæхджын кæныны церемони.

**Конкурсы жюри**

Конкурсы жюрийы архайдзысты, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны поэзийы жанры æнтыстджынæй чи кусы, ахæм адæймæгтæ, æвзаг æмæ литературæ зонджытæ.

**Конкурсы географи**

Конкурсы архайæн ис дунейы кæцыфæнды бæстæйы цæрæгæн дæр.

**Конкурсы хорзæхтæ**

1. Конкурсы бæлвырд цæудзысты:

I – аг бынат;

II-аг бынат;

III-аг бынат;

IV-æм бынат – поэзиуарзджыты хорзæх.

2. Конкурсы уæлахиздзауты уацмыстæ мыхуыр æрцæудзысты журнал «Фидиуæг»-ы фæндзæм номыры.

3. Номыр æгасæйдæр баст уыдзæн Хетæгкаты Къостайы ном æмæ сфæлдыстадимæ. Хетæгкаты Къостайы 165 азы журналы юбилейон фæндзæм номыр мыхуыры рацæудзæн сентябрь-октябры мæйты (журнал мыхуыры цæуы дыууæ мæйы иу хатт).

**Уырыссагау фыст уацмыстæ**

Конкурсы бацамынд мидисыл уырыссаг æвзагыл фыст уацмыстæн сæ хуыздæртæ мыхуырмæ лæвæрд æрцæудзысты Хуссар Ирыстоны мыхуыры цæуæг УÆЛАА (Уырыссаг Æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты ассоциаци) журнал «Русское слово в Южной Осетии»-йы.

Удæгас чи нал у, уыцы авторты уацмыстæн дæр сæ хуыздæртæ мыхуыргонд уыдзысты журнал «Фидиуæг»-ы Хетæгкаты Къостайы юбилейон фæндзæм номыры.

**Конкурсы уæлахиздзауты нысан кæныны бынат**

Конкурсы уæлахиздзаутæ нысангонд цæудзысты Республикæ Хуссар Ирыстоны, ХИПУ-йы æмбырдгæнæн залы 2024 азы 10 октябры.

Цардæй ист ныв

# Гæнæнтæ ис...

**Уалдзæг куыддæр йæ хуыз æвдисын райдыдта, афтæ ирон лæджы бинойнаг, кусаг уырыссаг Наталья дæр йæ цæхæрадонмæ рацыд. Уымæ алцыдæр – сагъд: нуры, хъæдындз, алыхуызон хъацæн кæрдæджытæ, суанг æрыскъæфы онг. Йæхи иронау дзурын дæр æлгъитыны онг ахуыр кæны. Сыхбæсты дæр – кадджын, куыд йæхæдæг, афтæ йæ бинонтæ дæр.**



Ныр дæр рауайы тагъд-тагъд, йæ бинонтæн сихор æрæвæрдта æмæ ма исты цъæхтæ æрбадавон, зæгъгæ, куыддæр цæхæрадонмæ дуар бакодта, афтæ фырдисæй куыд нæ ахауд. Знон дæр ма цин цы зайæгойтыл кодта, уыдон ныр кæйдæр хуыты амæттаг фесты. Йæ размæ цы уис фæци, уымæй хуыты нæмгæ-нæмгæ фæтæры йæ хъæлæсыдзаг хъæргæнгæ, уæдæ, бинонтæй дæр исчи ацы диссагмæ кæд ракæсид, зæгъгæ.

Йæ хъæрмæ сыхаг лæппу йæхи цæхæрадонмæ рауади. Афарста йæ: «Цы ‘рцыд, Наталья?!» Лæппу хабар куы бамбæрста, уæд багæпп кодта йæ сыхаджы цæхæрадонмæ æмæ, хуытæ кæцæй æрбабырстой, ууылты сæ федте кодтой. Лæппу цалынмæ телæй фидæрттæ кодта, уæдмæ Наталья æлгъитынæй нал æнцади. «Ам, Ирыстоны хуытæ йæ кæртæй æддæмæ чи уадзы, уый йæхæдæг дæр хуы у!» æмæ ма бирæ æндæр карз æлгъыстытæ хауд йæ дзыхæй. Лæппу йæ сабыртæ кæны, цæй, æрзайдзысты та, зæгъгæ, стæй йæ афарста, æмæ, дам, Уæрæсейы кæм цардтæ, уым дæр сæ нæ уагътой хуыты æддæмæ? «Уым дæр ноз тыл чи фæци, ахæмтæ сæ нæ рауадздзысты, уæртæ кæмдæр хибар, æнæ сыхæгтæй ма цæрæнт, æндæр, зæгъгæ, загъта Наталья, лæппуимæ та йæ ныхас фæуагъта æмæ ногæй æрдиаг кæнын райдыдта: «Мæ куыст мын чи фесæфта, уый мæнæн мард у, æмæ йын хист скæнæнт, хист, йæ хуытæй». Лæппу та йæ сабыртæ кæны æмæ йын дзуры, хуыйæ хист ничи кæны, зæгъгæ... Наталья йæ хъæрджытæ фæуагъта æмæ йын афтæ: «Гæнæнтæ ис, гæнæнтæ – хуытæ ауæй кæнæнт, хъуг балхæнæнт æмæ хист скæнæнт!..»

Уæдмæ хæдзары хицау, уæдæ нæ кæрдæджытæ цæй æрæгмæ цæуынц, зæгъгæ, йæ кæстæр лæппуимæ цæхæрадонмæ рацыдысты. Куы базыдтой хабар, уæд хæдзары хицау загъта: «Цы ’рцыди, уый æрцыди. Уалдзæг нырма ныр райдыдта, æрзайдзæн, нæхæдæг дæр аххосджын стæм. Айфыццаг трактор гутонæй куы бахуым кодта, уæд тагъд-тагъдæй цæхæрадоны кæрон хорз æхгæд не ’рцыд!»

**ТЕТАТЫ Эльврик**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти.**
**Тел.:**
**8-989-037-18-04.**

**Ремонт стиральных машин и холодильников.**
**Тел.:**
**8-988-835-55-50 (Азамат);**
**8-963-377-80-00 (Борис).**

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн – **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Баскаты Уырызмæг — 25-91-88, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Къамисæг: **Татьянæ Шеходанова — 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2738.
Заказ № 682.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**